

ANONS
POU PIBLIKASYON IMEDYAT 7 Mas 2017

Pou Plis Enfòmasyon, Kontakte:
Jonathan Burman oswa Jeanne Beattie
(518) 474-1201
www.nysed.gov

**DIREKTIV SOU DWA ELÈV IMIGRAN YO AK LWA SOU DIYITE POU TOUT
ELÈV YO DISPONIB KOUNYE A NAN 20 LANG**

Direktiv yo fèk pibliye sou Lwa sou Diyite pou Tout Elèv (Dignity for All Students Act, DASA) ak sou dwa elèv imigran yo, disponib kounye a nan 20 lang yo plis pale nan leta New York la, dapre sa Komisyonè Edikasyon Eta a MaryEllen Elia anonse jodi a. Pou reponn sou kantite ensidan yo rapòte k ap kontinye ogmante sou zafè entimidasyon, diskriminasyon ak asèlman nan tout peyi a, metsouli laperèz ak konfizyon ke dènye aksyon otorite federal yo sot pran la yo lakoz, Depatman Edikasyon Eta a, nan kolaborasyon ak biwo Pwokirè Jeneral la, decide bay tout distri lekòl yo direktiv sou sijè enpòtan sa yo. Kounye a paran yo, responsab legal timoun yo ak tout lòt endividi ki ta enterese yo, genyen plis aksè a direktiv enpòtan sa a.

“Lè nou kanpe ansanm, nou ka asire nou ke elèv nou yo santi yo jwenn sekirite ak sipò nan

Anplis de sa, gen direktiv ak resous ki disponib pou ede pèsònèl lekòl la, elèv yo ak paran yo pou rapòte epi adrese tout ensidan konsènan asèlman, entimidasyon ak diskriminasyon, avèk tou resous pou amelyore tout efò k ap fèt pou tabli ak kenbe yon klima lekòl pozitif ki konfòm ak sa DASA mande yo.

[Materyèl sa yo, ki nan 20 lang yo, disponib la a.](#)

[Enfòmasyon sou aksyon ki gen rapò ak imigrasyon disponib la a, alòske enfòmasyon sou direktiv ak resous yo ki konfòm ak DASA disponib la a.](#)